

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Kiwari kamekaran jaman nu beuki maju ngaronjatkeun kualitas sagala rupa aspék kahirupan. Salahsahiji aspék kahirupan nu ngaronjat unggal poéna nyaéta kabutuhan manusa kana informasi. Ku informasi jalma bisa nyangking rupa-rupa pangaweruh jeung bisa ngarobah cara pandang jalma ngeunaan hiji hal dina kahirupan masarakat.

Informasi bisa ditepikeun dina wangun warta. Warta mangrupa salahsahiji sumber informasi ngeunaan fakta hiji kajadian nu ditepikeun ka balaréa ngaliwatan média massa. Média massa kabagi deui jadi sababaraha bagéan saluyu jeung bentukna nyaéta média élektronik jeung média cetak. Tipi jeung radio kaasup kana média élektronik, sedengkeun majalah jeung koran kaasup kana média cetak. Nanging ku kamekaran téhnologi nu beuki ngaronjat muncul média anyar nu disebut inténet nu ngagampangkeun manusa dina nyumponan kabutuhan informasina.

Warta jadi hiji hal nu dalit jeung kahirupan lantaran unggal poé warta téh ditepikeun dina média. Saméméh warta ditepikeun dina média tangtuna waé warta kudu disusun sacara tinulis sangkan warta nu ditepikeun bisa saluyu jeung kaidah warta tur matak ngirut ka pamiarsa. Ieu hal patali jeung kumaha kamampuh kaparigelan nulis dina nepikeun sagala informasi dina wangun warta.

Nulis mangrupa kaparigelan basa nu miboga pungsi pikeun mantuan prosés mikir jeung mantuan dina ngébréhkeun gagasan, pamadegan, jeung pangalaman. Pamadegan séjén ngébréhkeun yén nulis téh nya éta hiji proses kamampuh dina nepikeun gagasan dina wangun basa tulisan dina hiji udagan misalna méré nyaho, ngayakinkeun atawa ngahibur (Dalman., 2018 kc. 3). Aspék nulis mangrupa kagiatan nu raket patalina jeung prosés diajar ngajar di sakola. Salila diajar siswa mindeng dibéré tugas pikeun nulis (Dahlan, M., & Wahid, 2022 kc. 583). Tapi, teu sakabéh kagiatan nulis téh dipikaresep ku siswa, ilaharna kagiatan nulis téh mangrupa hiji tuntutan pikeun nyumponan hiji pancén (Anawati, 2019 kc. 3).

Dumasar hasil observasi awal ka siswa fase F SMA Angkasa Bandung panalungtik niténan yén loba siswa anu masih keneh ngarandapan hésé nulis warta,

éta hal di kasang tukang ku kurang bisa dina nangtukeun judul nu saluyu jeung téma warta, hésé dina nangtukeun struktur organisasi warta jeung kurangna pangaweruh dina ngagunakeun kekecapan nu merenah jeung kurang dina merhatikeun dina ngagunakeun tanda baca ogé éjahan anu bener.

Nulis kaasup kana salahsahiji matéri nu aya di Fase F élemen nulis. Ieu hal dipedar dina Kurikulum Merdeka Bahasa Sunda dina Capaian Pembelajaran (CP) élemen nulis Fase F nyaéta (1) *Peserta didik mampu menyajikan informasi atau pesan (gagasan, pikiran, atau perasaan) dan kreativitas dengan bahasa Sunda dalam tipe téks tulis nonfiksi secara benar, logis, kritis, kreatif, dan santun untuk tujuan tertentu sesuai kaidah bahasa dan norma budaya Sunda.* (2) *Peserta didik mampu menganalisis informasi faktual dan menyajikannya secara logis, kritis, kreatif, dan santun dalam tipe téks tulis ilmiah berbahasa Sunda sesuai kaidah bahasa dan norma budaya Sunda untuk tujuan tertentu.* (3) *Peserta didik mampu menyampaikan informasi atau pesan (gagasan, pikiran, kehendak) dalam tipe téks (fiksi dan nonfiksi) berbahasa Sunda dengan memperhatikan kaidah tatabahasa, ejaan, dan tanda baca yang benar* (kurikulum merdeka bahasa sunda, 2022 kc. 66-67).

Ku sabab kagiatan nulis warta téh aya dina pangajaran sakola ku kituna, sangkan siswa leuwih mikaresep jeung parigel dina nulis warta, guru perlu ngagunakeun modél pangajaran nu ngirut siswa sangkan leuwih aktif, kréatif, inovatif tur resep diajar hususna dina nulis warta. Tangtuna waé loba cara pikeun ngamaksimalkeun pangajaran di kelas contona ngalarapkeun média atawa modél pangajaran. Modél pangajaran anu bisa dilarapkeun pikeun ngamotivasi siswa nyaéta bisa ngagunakeun modél pangajaran *Cooperatif Learning* salasahijina nyaéta modél *Numbered Head Together* (NHT).

Modél pangajaran *Numbered Head Together* miboga kaonjongan di antarana 1) bisa ngaronjatkeun prestasi diajar siswa; 2) bisa neleuman pamahaman siswa; 3) mekarkeun rasa mikanyaho siswa; 4) nuwuhkeun kaparigelan siswa (Octavia, 2020 kc. 42).

Média pangajaran nu dipaké pikeun ngarojong kana pangajaran *Numbered Head Together* (NHT) nyaéta média gambar peristiwa. Ieu média praktis nalika digunakeun pikeun pangajaran basa Sunda. Saluyu jeung nu ditepikeun ku Sanjaya (2010. kc 214) yén gambar/foto miboga kaonjoyan nyaéta sipatna nu konkrét, leuwih realistis dibandingkeun média verbal, bisa ngajelaskeun hiji pasualan dina widang naon waé, jeung teu kudu maké alat husus dina nepikeunna. Ieu hal jadi udagan dina ngagunakeun modél *Numbered Head Together* (NHT) sangkan siswa bisa leuwih parigel tur siswa bisa leuwih aktif ogé sumanget dina diajar. Ku kituna, siswa bisa mampu diajar husus dina nulis warta.

Ieu panalungtikan anu ngagunakeun modél *Numbered Head Together* (NHT) téh lain anu munggaran. Saméméhna kungsi aya nu nalungtik kahiji, ku Rahmat, Arfin (2016) “Efektivitas Penggunaan Metode *Cooperative Learning* Tipe *Numbered Head Together* (NHT) dalam Meningkatkan Kemampuan Membuat Kalimah Bahasa Jepang”. Kadua “Modél Pangajaran *Cooperative Learning* Tipe *Numbered Head Together* Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Ngaregepkeun Carita Pondok:(Studi Kuasi Eksperimen ka Siswa Kelas IX B SMP Negeri 44 Bandung)” Noviandini, Nunik Nurul (2016), Katilu, Nurhalisa, (2019) anu judulna “Modél *Numbered Head Together* (NHT) dina pangajaran ngaregepkeun Dongéng” digunakeun dina pangajaran ngaregepkeun dongéng aya pangaruh signifikan kana kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa. Kaopat, Khairulimam, (2022) “Modél *Numbered Heads Together* dina Pangajaran Nulis Aksara Sunda” hasilna aya pangaruh anu signifikan kana kamampuh nulis Aksara Sunda. Kalima, Pardede, H., & Herman, (2020) “*The effect of numbered heads together method to the students' ability in writing recount text*” nu hasilna ieu modél méré pangaruh signifikan kana kamampuh nulis siswa dina nulis téks recount kelas IX.

Tina sababaraha panalungtikan anu geus dilaksanakeun, aya sasaruana dina modél nu dilarapkeun nyaéta modél nu dilarapkeun téh *Numbered Head Together* (NHT). Bédana lebah tina ieu panalungtikan mah dibarung ku gambar peristiwa salaku alat bantu visual. Tuluy objék anu digunakeun nyaéta nulis warta sarta

sumber data nu digunakeun nyaéta siswa Fase F A SMA Angkasa Bandung taun Ajaran 2023/2024.

Dumasar kana pedaran di luhur panalungtikan anu judulna “Modél *Numbered Head Together* (NHT) binarung Média Gambar Peristiwa dina Pangajaran Nulis Warta (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Fase F SMA Angkasa Bandung Taun ajar 2023/2024”), perlu dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Sangkan pasualan nu ka idéntifikasi dina kasang tukang leuwih gampang di paluruhna, satuluyna dirumuskeun dina sababaraha kalimah pananya dihandap.

- a. Kumaha kamampuh nulis warta siswa Fase F XI-A SMA Angkasa Bandung saméméh ngagunakeun modél *Numbered Heads Together* (NHT) Binarung Média Gambar Peristiwa ?
- b. Kumaha kamampuh nulis warta siswa Fase F XI-A SMA Angkasa Bandung sabada ngagunakeun modél *Numbered Heads Together* (NHT) Binarung Média Gambar Peristiwa?
- c. Naha aya béda nu signifikan antara kamampuh nulis warta siswa Fase F XI-A SMA Angkasa Bandung saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Numbered Heads Together* (NHT) Binarung Média Gambar Peristiwa?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, tujuan ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngukur éféktif atawa henteuna modél *Numbered Heads Together* (NHT) Binarung Média Gambar Peristiwa dina ngaronjatkeun kamampuh nulis siswa.

1.3.2 Tujuan Khusus

Sacara khusus, tujuan ieu panalungtikan pikeun ngadéskripsikeun:

- a. kamampuh nulis warta siswa fase F XI-A SMA Angkasa Bandung saméméh ngagunakeun modél *Numbered Heads Together* (NHT) Binarung Média Gambar Peristiwa;
- b. kamampuh nulis siswa Fase F XI-A SMA Angkasa Bandung sabada ngagunakeun modél *Numbered Heads Together* (NHT) Binarung Média Gambar Peristiwa; jeung
- c. bédana anu signifikan antara kamampuh nulis warta siswa Fase F XI-A SMA Angkasa Bandung saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Numbered Heads Together* (NHT) Binarung Média Gambar Peristiwa.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat dina ieu panalungtikan ngawengku mangpaat teoritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Téoritis

Dipiharep hasil panalungtikan ieu bisa ngabagikeun partisipasi kana mutu pangajaran basa Sunda di Fase F hususna pikeun ngeuyeuban stratégi dina prosés ngajar siswa ngaliwatan modél pangajaran *Numbered Heads Together* (NHT) Binarung Média Gambar Peristiwa sangkan pangajaran basa Sunda leuwih dipikaresep.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat anu dipiharep tina ieu panalungtikan nyaéta ieu di handap.

- a. Mangpaat pikeun siswa, larapna modél pangajaran *Numbered Heads Together* (NHT) Binarung Média Gambar Peristiwa di SMA Angkasa Bandung dipiharep bisa méré mangpaat sarta mantuan siswa sangkan leuwih resep dina nulis matéri basa Sunda.
- b. Mangpaat pikeun guru, hasil panalungtikan tina modél pangajaran *Numbered Heads Together* (NHT) binarung Média Gambar Peristiwa bisa jadi bahan

évaluation kana prosés diajar-ngajar basa Sunda, utamana dina pangajaran nulis, sarta bisa jadi référénsi pikeun nepikeun matéri warta sacara kréatif jeung inovatif.

- c. Mangpaat pikeun sakola, hasil ieu panalungtik dipihareup bisa méré mangpaat pikeun kepala sakola jeung komité sakola pikeun bahan ngaronjatkeun kualitas pangajaran, hususna dina pangajaran basa Sunda.
- d. Mangpaat pikeun panalungtik, panalungtik bisa niténan salahsahiji modél pangajaran anu inovatif jeung kréatif pikeun pangajaran basa Sunda nu patali jeung kamampuh nulis siswa pikeun nalungtik éfektifitas tina modél pangajaran di sakola.

1.5 Raraga Téori

Dina ieu skripsi ngawengku lima bab anu ngagunakeun raraga tulisan saperti nu didadarkeun di handap.

Bab I mangrupa bubuka anu ngawengku kasang tukang masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan jeung raraga tulisan.

Bab II mangrupa ulikan tiori, ngawengku tiori modél pangajaran, tiori modél *Numbered Head together*, média gambar peristiwa, tiori nulis warta, modél pangajaran *Numbered Head Together* (NHT) binarung média gambar peristiwa dina pangajaran nulis warta, salian ti éta ogé medar ngeunaan panalungtikan saméméhna, raraga mikir, jeung hipotesis.

Bab III mangrupa métode panalungtikan anu ngawengku desain panalungtikan, sumber data, prosedur panalungtikan, jeung téknik ngumpulkeun data, jeung analisis data.

Bab IV mangrupa hasil panalungtikan nu ngawengku kamampuh nulis warta siswa saméméh ngagunakeun modél *Numbered Head Together* (NHT) binarung média gambar peristiwa dina nulis warta, aspék-aspék nu mangaruhan kana ngaronjatna kamampuh nulis warta sanggeus ngagunakeun modél *Numbered Head Together* (NHT) binarung média gambar peristiwa dina nulis warta, sarta bébédaan anu signifikan kamampuh nulis warta siswa fase F SMA Angkasa Bandung.

Bab V mangrupa kacindekan, implikasi, jeung rékomendasi anu ngawengku kacindekan tina hasil panalungtikan, rékoméndasi pamaca jeung implikasi modél Numbered Head Together (NHT) binarung média gambar peristiwa boh pikeun guru atawa nu lianna dina prosés ngajar jeung diajar, hususna dina pangajaran nulis warta.